**Республикæ Цæгат Ирыстон - Алани**

**7 – æм МУНИЦИПАЛОН БЮДЖЕТОН РÆВДАУÆНДОН**

*Гом ахуырадон архайд кæстæр къорды сабитимæ*

# *Темæ: «Уазæгуаты уалдзыгон хъæдмæ»*



7 – æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг: Габолаты З.А.

Музыкалон разамонæг: Дзитойты З.К.

г. Алагир.

2019 аз

**Нысантæ:**

- Бафидар кæнын сывæллæтты зонындзинæдтæ уалдзæг æрдзы цы ивддзинæдтæ æрцæуы, уыдонимæ.
- Æрхъуыды кæнын хъæды цæрæгойты: сырдты, мæргъты, сасчъыты.
- Дарддæр кусын сабиты ныхасы рæзтыл алыхуызы мадзæлттæй. Сæ мысæнуат æмæ логикон хъуыдыкæнинад сын уæрæхдæр кæнын. Кусын мыртæ сыгъдæг дзурыныл.
- Архаин сывæллætты ныхас фæхъæздыгдæр кæныныл ног дзырдты руаджы (хъæдгæс, …..). Разæнгард сæ кæнын иронау дзурын.
- Парахат кæнын æмзæлды æнкъарæнтæ, зарынады фæлтæрдзинад æмæ сабиты моторикæ.
- Уарзондзинады æнкъарæнтæ гуырын кæнын сабитæн æрдзы рæсугъддзинадмæ æмæ йæ цæрæгойтæм. Сывæллæтты разæнгард кæнын кæрæдзимæ æгъдаудзинад, æфсарм, уæздандзинад хатын.

**Архайæн фæрæзтæ:**проектор, экран, музыкалон центр, фыстæг, сюжетон нывтæ, су – джок, хъазæн уызын, дидинджытæ, чыргъæд лæвæрдттимæ.

**Ахуыры нывæзт.**

**Хъомылгæнæг:**Сабитæ! Акæсут ма, цас рæсугъд уазджытæ нæм æрбацыд. Уæ бон хорз ма цын зæгъæм æмæ сæм на мидбыл бахудæм.

Абон æз рæвдауæндонма куы рбацыдтæн, уæд стъолыл уыд фыстæг. Фæлæ йæ нæ зонын, кæмæй у уый. Фæнды уæ йæ базонын? Уæдæ ма бакæсут экранмæ.

- Чи уы ай, сабитæ? (баба)

-Ай хуымæтæг баба нæу, фæлæ хъæд æмæ хъæды сырдты чи хъахъхъæны, уыцы баба уы æмæ хуыины хъæдгæс. Уæ хорзæхæй, йæ цæсгомы уагмæ ма йын бакæсут. Цавæр уы? (æнкъард, зæронд, мæсты…) Равдисут ма, сымах та куыд вæййут æнкъардæй?

Сабитæ! Æнгомдæр æрбаллæууыт æмæ нæ фыстæг бакæсæм:

«Зынаргъ хæлæрттæ! Хъæуы мæ уæ æхуысс: раллæууыд уалдзæг, хъæд та нæма райхъал. Баххуыс ма мын кæнут райхъал кæнын дидинджыты, сырдты, мæргъты, сасчыты».

**Хъомылгæнæг:** Фæнды уæ баххуыс кæнæм бабайæн хъæд райхъал кæнынмæ? Алæуууыт ма мæ фæстæ, уæ къухтæ авæрут кæрæдзийы уæхсджытыл æмæ нæ поездыл аразт уæм хъæдмæ балцы (заргæйæ нæ къæхтæ исæм уæлиау):

Нæ поезд та тæхы,
Йæ цæлхытæй зæгъы:
«Сывæллæтты ласын
Æз бирæ, бирæ уарзын.
Сæ фæндаг хъæдмæ дарынц
Æмæ фырцинæй зарынц
Чу-чу-чу, чу-чу-чу!

**<u>Хъомылгæнæг:</u>** Æрбахæццæ стæм, сабитæ, хъæдмæ. Бакæсут ма нæ хъæды куыд æнкъард у. Байхъусут ма уыци-уыцимæ æмæ мын зæгъут, кæцы афæдзы афоны тыххæй у?

Мит кæд фесты иууыл дон,
Æрдз кæд ыскæны хæдон? (Уалдзæджы)

Тынг хорз сабитæ.

Сабитæ! Цæмæй бæрæг у уалдзæг нæм æрцыди уый? (хур æндавы, мит тайы, бон фæдаргъ ис , мæргътæ рбатахтысты хъарм бæстæйæ).

**<u>Музыкалон разамонæг:</u>**Раст загътат сабитæ. Æмæ цæмæй райхъал уой хъæды мæргътæ, уый тыххæй азарæм зарæг «Цъиутæ».

**Зарæг « Цъиутæ»**

Зарынц цъиутæ:
Цъиу, цъиу, цъоз-
Сабитæ, уæ райсом хорз!

Зарынц цъиутæ:
Цъиу, цъиу, цъур-
Скæсы та фæсхохæй хур!

**<u>Хъомылгæнæг:</u>** Тынг хорз сабитæ!Нæ зарынмæ цъиутæ дæр зарын райдыдтой. Бакæсут ма,цавæр цъиутæ сты? (зæрватыкк, сау цъиу, хърихъупп).

Ныр та цæуæм дарддæр, иннæ фæзмæ.

Мах нæ фæндаг дарæм дард,
Алыхуызон фæзтæм.
Иу, дыууæ, æртæ, цыппар,
Февзæрдыстæм фазы мах!

**<u>Музыкалон разамонæг:</u>**Сабитæ! Мах æрбацыдыстæм дидинджыты фæзмæ. Акæсут ма, цас дидинджытæ дзы ис! Сывæллæттæ! Уæдæ уын ахæм хæслæвæрд: алчидæр уæ дыгай дидинджытæ сæмбырд кæнæд иу хуыз куыд

уæй, афтæ. Зæгъут ма, кæмæ цавæр хуыз ис? (бур, æрвхуыз, сырх). Ныр та, сабитæ, акафæм нæ дидинджытимæ.

**Музыкалон разамонæг:**Тынг рæсугъд акафыдыстут,мæ гыццыл хуртæ! Акæсут ма, райхъал кодтам дидинджытæ.

**Хъомылгæнæг:**Нырта нæ фæндаг дарæм иннæ фæзмæ.

Мах нæ фæндаг дарæм дард
Алыхуызон фæзтæм.
Иу, дыуæ, æртæ, цыппар,
Февзæрдыстæм фæзы мах!

Æрбахæццæ стæм «Базон-базоны» фæзмæ.

- Сабитæ! Мæ хъустыл цыдæр сыбар-сыбур цæуы, цымæ кæцæй цæуы? Рауайут ма хæстæгдæр. Адон цы сты? (уызын йæ лæппынтимæ). Фæнды уæ семæ ахъазын ? Абадут ма мæ алыварс, кæрæдзийы куыннæ хъыгдарат афтæ. Сисут ма сæ уæ къухтæм æмæ æз куыд хъазын сымах дæр афтæ ахъазут.

Уызын уынгты райсом раджы
Узгæ-узгæ рараст балцы.
Сау-сауид бырынкъ фæдары
Алырдыгæй холлаг ары.
Атымбыл вæййы æвваст
Уы тæппуд æмæ хæрзхаст.

Нæ хъазт уæ зæрдæмæ фæцыди? Уæдæ сæ фæстæмæ сæ мадимæ сывæрæм, науæд сæ агурдзæн.

**Музыкалон разамонæг:**Сабитæ! Уызынты райхъал кодтам, фæлæ сасчытæ та нырма фынæй ´сты. Æмæ сæ цæмæй райхъал кæнæм, уый тыххæй мах хъуамæ фестæм гыццыл мæлдзыджытæ.

Мæ хуртæ! Æртæккæ цагъдмæ уæ цыппæртыл бырут.  Куыддæр зæгъон ныхас «æмдзæгъд», афтæ дыууæ хатты уæ къухтæй амдзæгъд кæнут. Сывæллæттæ! Кæй райхъал кодтат? (гæлæбуты, мæлдзыджыты, мыдыбындзыты).

**Хъомылгæнæг:**Сабитæ! Мах райхъал кодтам мæргъты, дидинджыты, сасчыты æмæ нæ хъæдгæс дæр бахъæлдзæг.

Уæ хорзæхæй, сымах дæр ма скæнут хъæлдзæг цæсгæмттæ.

Сывæллæттæ! Хъæд кæй райхъал кодтам, уый тыххæй нæ хъæдгæс тынг бузныг у æмæ нын скодта лæвæрттæ. Зæгъæм ма йын бузныг. Ныр та нын афон у рæвдауæндонмæ æрбаздæхын. Алæууыт кæрæдзийы фæстæ æмæ нæ поездыл араст уæм:

Нæ поезд та тæхы,
Йæ цæлхытæй зæгъы:
«Сывæллæтты ласын

Æз бирæ, бирæ уарзын.
Сæ фæндаг хъæдæй дарынц
Æмæ фырцинæй зарынц:
Чу-чу-чу, чу-чу-чу!

**Хъомылгæнæг:** Мæ къонатæ! Нæ балц уæ зæрдæмæ фæцыдис? Сабитæ! Куыд уæм кæсы, хъæдгæсæн баххуыс кодтам хъæд райхъал кæнынмæ? Уæдæма сæ иу хатт на зæрдыл æрлæууын кæнæм, цы райхъал кодтам уыдоны? (дидинджытæ, мæргътæ, сасчытæ,хъæды сырдтæ).

Тынг хорз сабитæ! Мæнмæ афтæ кæсы, ай нæ фæстаг балц нæу.

Ныр та хæрзбон зæгъæм нæ уазджытæн æмæ ацæуæм.